

## **Bilten pou Pwopriyetè yo – Novanm 2021**

Chè Pwopriyetè,

Depatman Konsèvasyon ak Developman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) bay pwopriyetè edifis rezidansyèl yo mizajou tanzantan sou nouveau lejislasyon ak enfòmasyon konsènan materyèl ak resous ki disponib pou bay konkou ak Kòd Antretyen Lojman (Housing Maintenance Code) nan Vil New York la, Lwa sou Plizyè Lojman (Multiple Dwelling Law) nan Eta New York la ak lòt kòd minisipal ki genyen pou wè ak sa. Ale sou [sit entènèt HPD a](#) pou w li bilten sa a (ak ansyen bilten nou yo) nan lòt lang.

*Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la kòm konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo, se pa yon deskripsyon konplè ni final sou tout responsabilite pwopriyetè kay ak lokatè daprè lalwa ak règ ki konsène lojman nan Vil New York.*

### ***DAT ENPÒTAN YO (DETAYE ANBA A)***

**1YE DESANM:** Nivo plon nan penti ki kondisyone aplikasyon lwa lokal 1 nan lane 2004 la ap chanje

**1YE DESANM JISKA 31 DESANM:** Depo Anyèl sou Pinèz (Anliy)

**ANVAN 15 JANVYE:** Ankèt Anyèl sou Penti Abaz Plon konsènan prezans timoun pi piti pase 6 lane – yo te voye bay tout lokatè apatman ki te konstwi anvan 1960

**ANVAN 15 JANVYE:** Ankèt Anyèl sou Griy Pwoteksyon Fenèt konsènan prezans timoun pi piti pase 11 lane – yo te voye bay tout lokatè lojman kolektif (apatman ki genyen pou pi plis 3 lojman)

### ***LÒT AVI AK ENSPEKSYON YO MANDE POU 2022 AN***

Risk pou Bagay ki bay Alèji Andedan Kay

Kouvèti pou Bouton Fou

---

### **Penti Abaz Plon**

**Apati 1ye desanm, nivo plon nan penti ki kondisyone aplikasyon Lalwa Lokal 1 nan lane 2004 la ap chanje**

- **Nan dat 1ye desanm, 2021, nan respè Lalwa Lokal 66 lane 2019 lan ak règ Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (HPD), definisyon penti abaz plon pral chanje pou li defini tankou yon penti ki genyen plon mezire  $0.5 \text{ mg/cm}^2$  oswa plis jan yo te detèmine li nan analiz laboratwa oswa yon enstriman XRF ak Fich karakteristik Pèfòmans (PCS) epi pwograme nan yon nivo kontwòl tès  $0.5 \text{ mg/cm}^2$ .** Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini apwouve yon PCS pou enstriman deteksyon XRF Model Pb200i ki ka teste yon nivo aksyon ki egal ak  $0.5 \text{ mg/cm}^2$ . Se poutèt sa, enstriman sa a pral oblige fè tès XRF la nan Vil New York jiskaske yon lòt enstriman komèsyal ki disponib sou mache a ka teste yon nivo aksyon PCS apwouve ki egal a  $0.5 \text{ mg/cm}^2$ .

Pou jwenn plis enfòmasyon sou chanjman sa a, gade [Bilten](#) enfòmasyon sou Plon Oktòb \_2021, oswa ou kapab revize [Kesyon yo Poze Souvan](#), toude disponib nan lòt lang nan [paj wèb HPD](#), anba *briefings*.

---

## Depo Anyèl sou Pinèz

Pwopriyetè plizyè lojman (yo) oblige depoze [Rapò Anyèl Sou Pinèz ak mwaven elektwonik](#) devan HPD. Peryòd depo a kòmanse 1ye desanm epi li fini 31 desanm. Pou plis enfòmasyon sou depo Pinèz la disponib nan [bilten](#) Oktòb 2021 an oswa ale sou [sitwèb HPD a](#).

---

## Avi Anyèl sou Plon ak Avi Anyèl sou Griy Pwoteksyon Fenèt (1ye janvye - 16 janye)

Ant 1 Janvye - 16 Janvye, lalwa Vil New York egzije pwopriyetè kèk batiman fè pase avi anyèl bay lokatè yo ki lye ak penti abaz plon ak griy pwoteksyon fenèt yo. Yo dwe reoran avi anyèl nan men lokatè yo anvan 15 Fevriye. Yo kapab voye avi anyèl yo pou chak endividylman oswa pandan yo ap itilize yon fòma miks apwouve lè tou de avi yo nesesè pou batiman an. Yo founi avi yo anba a.

### Griy Pwoteksyon Fenèt

Pwopriyetè yo dwe itilize avi anyèl yo pou detèmine si yon timoun 10 lane oswa pi jèn abite nan yon apatman. Si yo detèmine yon timoun 10 lane oswa pi jèn ap viv nan yon apatman, pwopriyetè a dwe founi epi enstale kòm sa dwa griy pwoteksyon fenèt apwouve nan tout fenèt yo, tankou saldeben ak fenèt premye etaj sou balkon oswa teras nan apatman kote timoun lan ap viv epi chak fenèt pati komèn yo, nan nenpòt, nan batiman yo. Eksepsyon nan lwa sa a se fenèt ki louvri sou yon eskalye sekou, ak fenèt ki nan premye etaj la ki oblige gen yon dezyèm pòt pou soti nan yon biling ladan gen eskalye sekou nan dezyèm etaj la ak pi wo. Yon lokatè kapab mande tou pou yo enstale yon pwoteksyon nan yon fenèt menm si yon timoun 10 lane oswa pi jèn pa te viv nan apatman an.

### Penti Abaz Plon

Pwopriyetè yo dwe itilize avi anyèl yo pou detèmine si yon timoun pi piti pase 6 lane abite nan yon lojman. "Viv" pou penti ki abaz plon NYC vle di pase 10 zè oswa plis regilyèman chak semèn pou yon kabann patikilye. Depi yon timoun pi piti pase 6 lane ap viv nan apatman an, pwopriyetè dwe fè yon enspeksyon anyèl nan apatman sa ak zòn komèn batiman an pou chèche konnen risk ki genyen nan penti abaz plon epi ki kapab koriye pandan wap fe apèl ak yon espesyalis ki genyen sètifikasi ak pratik travay sekirize. Pwopriyetè yo dwe kenbe tras difizyon avi anyèl sou penti abaz plon sa yo, rekolekte yo, enspeksyon anyèl yo, ak tout aktivite Lalwa sou Prevansyon Anpwazònman Timoun ak Plon Vil New York te egzije, epitou yo konnen sou non Lalwa Lokal 1 lane 2004, kòm li te chanje, pou omwens 10 lane. HPD mete disponib pou ou yon [ECHANTIYON Livrezon Avi Anyèl pou Prevansyon Danje Penti Abaz Plon - Ankèt Konsènan Timoun - Fòm Rezime](#) nou an oswa yon dokiman similè pou suiv distribisyon avi anyèl penti abaz plon, nan ka HPD fè odit sou dosye penti abaz plon pwopriyete w la. Lòt echantyon avi ak plis resous konsènan Lalwa Lokal 1 lane 2004 la disponib sou sit entènèt penti abaz plon HPD.

Tablo anba a endike lè yo egzije avi anyèl sou griy pwoteksyon fenèt ak penti abaz plon:

	<b>Avi Anyèl sou Griy Pwoteksyon pou Fenèt</b>	<b>Avi Anyèl sou Penti Abaz Plon</b>
<b>Lojman Miltip</b> (3 oswa plis apatman)	Obligatwa, kèlkeswa ane konstriksyon an	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Obligatwa, pou tout batiman ki te bati anvan 1960</li> <li>• Obligatwa tou pou batiman ki bati soti 1960-1978 si pwopriyetè yo konnen genyen penti abaz plon.</li> <li>• Dwe founi nan lang Anglè ak Panyòl</li> </ul>
<b>Lojman Prive</b> (1-2 apatman kote omwens pwopriyetè a pa rete nan yon inite)	Li pa obligatwa, men li rekòmande	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Obligatwa, pou tout batiman ki te bati anvan 1960</li> <li>• Obligatwa tou pou batiman ki bati ant 1960 ak 1978 si pwopriyetè yo konnen genyen penti abaz plon.</li> <li>• Dwe founi nan lang Angle ak Panyòl</li> </ul>

Depann sou ki fòm li obligatwa pou yon batiman, yon pwopriyetè kapab founi lokatè yo chak fòm endividye lman oswa itilize yon fòm konkbine:

- Avi Anyèl sou Griy Pwoteksyon pou Fenèt
  - Avi Anyèl sou Penti abaz Plon nan lang Angle epi Panyòl
  - Avi Anyèl miks sou Penti abaz Plon nan ak Griy Pwoteksyon pou Fenèt nan lang Angle ak Panyòl
- 

## Risk pou Bagay ki bay Alèji Andedan Kay

### Rapèl Egzijans Anyèl sou Risk pou Bagay ki bay Alèji Andedan Kay

Pwopriyetè batiman ki genyen plizyè lojman yo oblige draprè Lwa Lokal 55 lane 2018 pou:

- Chak ane enspekte pou detekte danje bagay ki bay alèji andedan kay, tankou sourit, ravèt, rat ak mwazi, epi reponn ak nenpòt plent ou resevwa dirèkteman nan men lokatè oswa HPD. Asire yo netwaye apatman ki vid yo byen netwaye epi yo pa gen okenn ti bèt ak mwazi anvan nouvo lokatè a rantre nan kay la.  
oswa Echantyon Rapò Envestigasyon
- Bay feyè enfòmasyon Kisa Lokatè ak Pwopriyetè yo Dwe Konnen sou Alèji Andedan Kay ak Lwa Lokal 55 ak yon Avi avèk kontra-lwaye chak lokatè ki di byen klè responsabilite pwopriyetè a pou kenbe biling lan san alèjen andedan kay.
- Regle enfestasyon bèt nuizib Itilize **Jesyon Ti Bèt Entegre (Integrated Pest Management, IPM)** pou abòde debòdman ti bèt yo. Yo dwe suiv pratik travay an sekirite nan Seksyon 27-2017.9 Lwa Lokal 55 ak 28 Règ Vil New York seksyon 50-04 lè y ap evalye ak rezoud nenpòt pwoblèm debòdman an kapab te lakòz (tankou imidite). Egzijans IPM.
- Rezoud pwoblèm mwazi. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou rezoud pwoblèm mwazi ak obligasyon espesifik pou biling ou an (pratik travay ak kontraktè ki obligatwa), gade pajwèb Risk Alèjen nou an.

---

## **Avi Anyèl sou Kouvèti pou Bouton Fou**

Pwopriyetè kay ki gen plizyè lojman oblige bay lokatè yo yon [Avi Anyèl](#) (disponib nan plizyè lang sou paj sit entènèt HPD a sou [Kouvèti pou Bouton Fou](#)) ki dwe enfòme lokatè yo:

- Kouvèti bouton fou yo ap disponib nan yon delè trant (30) jou apre yo bay avi anyèl la;
- Pwopriyetè a dwe bay nenpòt kay ki mande yon kouvèti bouton fou yo, kit gen yon timoun ki gen mwens pase sis (6) lane nan apatman an ou pa; epi
- Lokatè yo ka pa vle kouvèti bouton fou si yo bay pwopriyetè a yon lèt ki di yo refize li. Si yon lokatè pa bay pwopriyetè a yon lèt ki di li refize, pwopriyetè a ap toujou oblige bay nenpòt kay kouvèti bouchon fou bay kote pwopriyetè a konnen oswa ta dwe konnen gen yon timoun pi piti pase sis (6) lane k ap viv nan kay la

Li se obligasyon pwopriyetè a pou kenbe prèv dokiman nenpòt notifikasyon refi pou kouvèti bouton fou, notifikasyon inite lojman ki mande kouvèti bouton fou, ak prèv dokiman mèt kay la te eseye bay kouvèti bouton fou nan yon kay kote mèt kay la konnen oswa ta dwe konnen gen yon timoun ki poko gen sis (6) lane ki ap viv ladan. Pwopriyetè yo pa oblige soumèt avi bay HPD.

---

## **Depatman Finans (Department of Finance, DOF) Vil New York Ekonomize jijman sou Komisyón Kontwòl Anviwònman ki pa peye!**

Vil New York ap ofri yon pwogram tanporè ki ap pèmèt peman yon montan redwi pou jijman kalifye Komisyón Kontwòl Anviwònman (Environmental Control Board, ECB).

**Si ou pa te peye jijman ECB yo, yo kapab kalifye pou yon rediksyon anba [Pwogram FAIRER \(Fine and Interest Reduction Enabling Recovery\)](#)**

Depann si ou te genyen yon odyans epi yo te remèt jijman an pandan pandemi COVID-19 lan, ekonomi ou yo kapab monte jiska 75%. Ekonomi sa yo genyen ladan yon rediksyon tout enterè asosye ak jijman ou yo.

Pwogram FAIRER lan disponib depi 20 Septanm rive 20 Desanm, 2021. Pou patisipe, ale sou sit [www.nyc.gov/mysummons](http://www.nyc.gov/mysummons). Tanpri sonje ke si ou pa genyen jijman ECB ki pa peye, ou pa bezwen pran ankenn mezi pou kounye a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram FAIRER lan, ki genyen kritè kalifikasyon ak lòt enfòmasyon enpòtan, vizite [www.nyc.gov/fairer](http://www.nyc.gov/fairer). Si ou genyen nenpòt kesyon, tanpri [Kontakte nou](#) oswa rele 311.

---

## **Anrejistrem an Pwopriyete**

Rejis Pwopriyete an ap fini premye (1<sup>re</sup>) Septanm: si ou soumèt rejis ou an apre premye (1<sup>re</sup>) septanm, HPD pral valide soumisyon w lan nan lòd li te resevwa li epi pi vit sa posib. Ou kapab ralanti nan kapasite ou pou depoze Demann Lisans, depoze sètifikasyon, elatriye. Tanpri asire w ou soumèt rejis pwopriyete ou anvan dat limit pou peryòd anrejistrem 2022-2023 an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou ki moun ki oblige anrejistre ak kijan pou anrejistre, ale nan [nan paj wèb HPD a](#) oswa kontakte Inite Asistans Enskripsyon an ([Register@hpd.nyc.gov](mailto:Register@hpd.nyc.gov)) oswa nan telefòn (212-863-7000).

Tanpri sonje biwo nou yo pa louvri aktyèlman la a pou asiste moun ki vin anrejistre san randevou akòz COVID-19 la.